

**Elijiblite Elèv Segondè Nan Espò**

Paran, pou pitit ou kapab elijib pou l patisipe nan espò nan lekòl segondè li a pandan ane lekòl k pa vini an, ou dwe ranpli fòm sa a epi siyen kote ki endike yo. **Fè sèten ou li chak paj avèk atansyon avan w siyen!** Yon paran oswa elèv la (si li granmoun tèt li oswa li emansipe) dwe siyen papye yo an prezans yon notè. Nou pa kapab notarye okenn papye si yo vin jwenn nou tou deja siyen.

Non Konplè Elèv la (prenon, dezyèm non, siyati)					# ID Elèv la	Dat Jodi a
Sèks	Laj	Klas Aktyèl	Ane Lekòl	Dat Nesans	Paran/Responsab Legal	
Adrès Elèv la (ri, # apatman, vil, eta, kòd postal)					# Telefòn	
Premye Lekòl li Ale Ane sa a				Lekòl Li te Ale Ane Pase		
Non Moun pou Kontakte nan Ka ljans				Relasyon l avèk Elèv la		
Adrès Moun pou yo Kontakte nan Ka ljans (ri, # apatman, vil, eta, kòd postal)					# Telefòn Lakay nan Ka ljans	
# Telefòn Travay		Doktè Pèsonèl Elèv la			# Telefòn Doktè a	
Lis Espò						

PRÈV ASIRANS POU ELÈV		
Non Moun ki sou Asirans la (Kontra asirans ki kouvri elèv la)	Relasyon moun ki asire a avèk elèv la	Kote moun ki asire a ap travay
Non Konpayi Asirans la (Kontra Asirans ki kouvri elèv la)		# Kontra Asiras la

AFIDAVIT REZIDANS ELIJIBLITE POU ENTÈESKOLÈ

M ap viv ak (tcheke youn) Toude paran Manman Sèlman Papa Sèlman Responsab Lòt _____

Relasyon youn ak lòt _____ M ap viv avèk moun ki endike pi wo a depi _____

Si opsyon nou prezante anba la a pa dekri sityasyon rezidans ou kòrèkteman, atache yon nòt eksplikasyon.

- M ap viv nan zòn ki deziyen pou lekòl sa a. Yo te aksepte mwen nan yon Pwogram Chwa.
- Mwen ale lekòl sa a sou baz yon reasiyasyon yo te apwouve (reasiyasyon dwe genyen apwobasyon Espesyalis Reasiyasyon an)
- Se Depatman Edikasyon Elèv Espesyal ki te plase mwen lekòl sa a.

Lekòl	Direktè/tris Espò	# Telefòn
-------	-------------------	-----------

KONDISYON ELIJIBLITE ELÈV SEGONDÈ NAN ESPÒ

Selon Manyèl/Règleman Pwosedi FHSAA, Atik 9

Inisyas Paran

- 9.1.1.1 Patisipasyon nan Espò Entèeskolè, yon Privilèj. Patisipasyon nan Espò Entèeskolè se yon privilèj, se pa yon dwa. Elèv k ap patisipe yo dwe satisfè kondisyon ki etabli nan lwa eta a, règleman FHSAA, ak lekòl respektif yo
- 9.1.1.1 Règleman Lokal yo kapab pi Rijid. Lekòl yo ak/oswa distri lekòl yo kapab adopte règleman ki pi rijid pou elèv ki anba sipèvizyon yo. Okenn lekòl, ni distri, sepandan, pa kapab adopte règleman ki mwens rijid pase règleman FHSAA yo
- 9.1.2.2 Falsifikasyon Enfòmasyon. Yo dwe deklare yon elèv ak/oswa yon paran/responsab legal tribinal ki genyen jiridiksyon ki konpetan deziye, ki falsifye enfòmasyon pou jwenn elijiblite, inelijib pou reprezante nenpòt manm lekòl pou yon peryòd yon ane apati dat yo te dekouvri sa
- 9.1.2.3 Elijiblite Elèv yo Rekrute. Yo kapab deklare yon elèv inelijib baze sou vyolasyon règleman rekritman si: (a) Ewè la oswa paran/responsab legal yon tribinal ki genyen jiridiksyon konpetan te deziyen, te falsifye nenpòt dokiman pou enskripsyon oswa elijiblite; oubyen (b) Elèv la oswa paran/responsab legal yon tribinal ki genyen jiridiksyon konpetan te deziyen, te aksepte yon benefis oswa pwomès benefis kèlkonk, si benefis sa yo pa jeneralman disponib pou elèv lekòl oswa manm fanmi yo; oubyen (c) Benefis la oswa pwomès benefis la baze sou enterè espò, kapasite, oswa, pèfomans, nan yon fason kèlkonk.
- 9.2.1 Yon elèv kapab patisipe nan Lekòl li te ale an premye a chak ane. Yon elèv dwe ale lekòl epi li elijib tousuit pou l patisipe nan pwogram espò entèeskolè lekòl li ale chak ane a patwone, ki se swa: (a) lekòl kote elèv la te suiv kou an premye a (sa vle di lekòl ki koresponn ak adrès kote li rete a); oswa (b) lekòl kote elèv la te patisipe an premye nan aktivite espò nan dat oswa apre dat ofisyèl sezon espò a te kòmanse a, avan li te ale nan nenpòt lekòl (sa vle di lekòl ki koresponn ak adrès kote li rete a); oswa (c) lekòl kote elèv la transfere a, apre li te fin ale nan yon lòt lekòl (Referans règleman 9.3.2)
- 9.3.4 Elèv ki pa elijib Pa Kapab Transfere pou yo Vin Elijib. Yon elèv ki transfere epi yo konsidere ki pa elijib pou yon peryòd, pa kapab transfere epi vin elijib. Ale nan yon nouvo lekòl nan kòmansman ane a pa diminye oswa elimine peryòd inelijiblite a.
- 9.4.1 2.0 GPA Obligatwa pou Elijiblite Akademik. Yon elèv lekòl segondè dwe genyen yon total 2.0 mwayèn jeneral (GPA) sou yon echèl regilye 4.0, oswa ekivalan, nan fen chak semès, pou li kapab elijib akademikman nan pwochen semès la. Yo pa ta dwe konvèti nòt final elèv la te genyen avan nan yon lòt lekòl baze sou echèl la, dapre Règleman 9.4.2
- 9.4.1.3 Prezans Pandan De (2) Premye Semès Konsekitif Obligatwa. Yon elèv pa kapab elijib akademikman si li pa t ale lekòl epi jwenn nòt pou tout kou li te pran pandan de (2) premye semès konsekitif yo
- 9.4.1.9 Elèv la pa elijib pou yon Semès Konplè si yo pa kapab jwenn Relvednòt li. Si ansyen lekòl yon elèv pa kapab oswa p ap bay yon relvednòt ofisyèl fèmen, li p ap elijib nan nouvo lekòl la jiskask li prezan pandan yon semès konplè epi li genyen yon mwayèn jeneral total. Lekòl dwe soumèt yon rapò alekri bay biwo FHSAA ki enkli non elèv la, dat li te antre nan lekòl la, ak dat semès avan an te kòmanse epi fini
- 9.5.1 Elèv Lekòl Segondè Genyen Katran Elijiblite. Yon elèv elijib pou kat ane lekòl konsekitif sèlman, apati ane lekòl li te antre nan nevyèm ane pou premye fwa. Sa pa vle di elèv la genyen katran patisipasyon. Apre kat ane lekòl konsekitif, elèv la ap elijib yon fason pèmanan
- 9.6.1 Laj Limit pou Lekòl Segondè. Yon elèv ki vin genyen 19 an avan premye septanm ap definitivman inelijib

MWEN/NOU TE LI, EPI NOU TE METE INISYAL SOU KOTE CHAK KONDISYON ELIJIBLITE FHSAA POU ELÈV LEKÒL SEGONDÈ, EPI NOU DAKÒ PITIT NOU AN DWE SATISFÈ NÒM FHSAA YO POU YO KAPAB KONSIDERE L ELIJIB POU ESPÒ ENTÈESKOLÈ

STATE OF FLORIDA

COUNTY OF _____

Sworn to or affirmed and subscribed before me this _____ day of _____, _____, by _____
(parent/guardian or adult/emancipated student)

Personally Known _____ OR Produced Identification _____ *Signature of Notary Public - State of Florida*

Type of Identification Produced _____

Mwen (elèv la) ak nou (paran/responsab legal la (yo) nou te li (rezime) Règleman Elijiblite Asosyasyon Espò Lekòl Segondè Florid (*Florida High School Athletic Association (FHSAA)*) epi konprann se yon rezime Règleman *FHSAA* yo. Mwen/nou konprann tou nou kapab jwenn yon kopi konplè Règleman *FHSAA* pou mwen/nou repase nan direksyon lekòl mwen (elèv la)/pitit mwen an. Nou pa okouran okenn rezon pou mwen (elèv la) pa ta elijib pou reprezante lekòl mwen nan konpetisyon espò. Si yo aksepte l kòm reprezantan, nou dakò pou suiv règleman lekòl la ak règleman *FHSAA* yo epi respekte desizyon yo. Mwen/nou konnen patisipasyon m se yon privilèj. Yo te enfòm mwen/nou epi nou konnen risk ki genyen nan patisipasyon nan espò, nou konprann blesi grav, ak menm lanmò, posib nan patisipasyon sa yo epi nou chwazi pou n aksepte risk sa yo. Mwen (elèv la) volontèman aksepte tout responsablite pou pwòp sekirite m ak byennèt mwen pandan m ap patisipe nan espò, ak bonjan konpreyansyon risk ki genyen yo. Mwen/nou renonse pou nou rann lekòl la, anplwaye distri lekòl la ak ajan yo, lekòl l ap jwe kont yo, Distri Lekòl Rejyon Palm Beach, ak ofisyèl konpetisyon yo, Federasyon Nasyonal Asosyasyon Lekòl Segondè Eta a, (*NFHS*) ak *FHSAA*, responsab epi pou nou fè reklamasyon pou okenn blesi oswa plent ki ta soti nan yon patisipasyon espò, epi nou dakò pou nou pa pran okenn aksyon legal kont okenn nan antite nou site pi wo yo poutèt nenpòt aksidan oswa malè ki gen rapò avèk patisipasyon elèv la nan espò.

Mwen/nou otorize tou TRETMAN MEDIKAL DIJANS pou mwen menm/pitit nou an/depandan nou an, nan ka li ta bezwen tretman sa a pandan mwen/li anba sipèvizyon lekòl la. **Poutèt yo pèmèt mwen patisipe nan pwogram atletik entèskolè yo, mwen/nou, eritye nou, ekzekite ak administratè nou libere ak dechaje pou toutan KOMITE DIRIJAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH NAN FLORID, ajan li yo, reprezantan ak anplwaye l yo de tout responsablite, endèmizasyon, aksyon, domaj kou oswa depans mwen/nou ta kapab genyen kont yo, ki ta genyen rapò avèk patisipasyon m (elèv la) nan pwogram atletik entèskolè yo, ak nan vwayaj ki asosye ak Pwogram Atletik la. Mwen/nou konprann egzonerasyon sa a konsène tout demand ki baze sou neglijan, revandikasyon, aksyon oswa inaksyon moun ak antite nou site pi wo yo.** Mwen/nou bay pèmasyon pou lekòl la, distri lekòl la itilize foto m, imaj videyo, redaksyon, anrejistreman vwa m, non, klas, non lekòl la, deskripsyon patisipasyon a ak estatistik nan aktivite ak espò ki rekonni ofisyèlman, wotè mwen ak pwa mwen kòm yon manb ekip atletik la, dat mwen patisipe, diplòm ak rekonpans mwen resevwa, dat ak kote m fèt, ak lekòl mwen te ye avan, jounal, pwodiksyon lekòl, sit entènèt, eksetera, ak piblikasyon lekòl la oswa distri a finanse, oswa nan entèvyou medya nou, atik ak foto. Sepandan, òganizasyon sa yo pa genyen okenn obligasyon pou yo egzèse dwa nou site la yo. Mwen/nou bay pitit/pwoteje mwen an/nou an pèmasyon pou li patisipe nan espò entèskolè nou PA BIFE YO. Espò: Bezbòl, baskètbòl, boling, konpetisyon majorèt, *Cross Country*, foutbòl takle 11 jwè, *Flag* foutbòl, Gòlf, *Lacrosse*, sòfbòl *fast pitch*, natasyon ak plonjon, tenis, kous, volebòl, Watèpolo, Leve pwa, Lit.

Mwen/nou konprann akoz patisipasyon li, li kapab nesèsè pou elèv la lage avan lè nan klas li. Mwen/Nou bay konsantman pou lekòl mwen/pitit/depandan nou an bay *FHSAA*, lè li mande yo, tout detay (espò oswa lòt) finans, akademik ak dosye prezans nan lekòl sa a, konsènan mwen/pitit/depandan nou an.

SIPLEMAN POU KONSANTMAN AK DECHAJ RESPONSABLITE

Yo kreye fòm sa a pou respektè pwovizyon Lwa Florid § 744.301 konsènan aplikasyon yon renonsman oswa dechaj yon paran/responsab bay nan non pitit/depandan li. Sipleman sa a aplike pou paran/responsab ki renonse ak dwa yon pitit/depandan alavans pou pitit/depandan an pa patisipe nan yon aktivite.

AVI POU RESPONSAB NATIRÈL YON TIMOUN KI MINÈ

LI FÒM SA A ANN ANTYE EPI AK ATANSYON. W AP BAY KONSANTMAN W POU KITE PITIT OU KI MINÈ ANGAJE NAN YON AKTIVITE KI KAPAB DANJERE. OU DAKÒ MENM SI KOMITE DIRIJAN LEKÒL REJYON PALM BEACH, FLORID BAY SWEN REZONAB LÈ LI OFRI AKTIVITE SA A, GENYEN CHANS POU PITIT OU A KAPAB BLESE SERYEZMAN OSWA MOURI PANDAN L AP PATISIPE NAN AKTIVITE SA A PASKE GENYEN KÈK DANJE NAN AKTIVITE A YO PA KAPAB EVITE OSWA ELIMINE. LÈ OU SIYEN FÒM SA A, W AP RENONSE AK DWA PITIT OU AK DWA PA W POU REKLAME NANMEN KOMITE DIRIJAN REJYON PALM BEACH, FLORID, NAN YON PWOSE, POU OKENN BLESİ PÈSONÈL, ENKLI LANMÒ, POU PITIT OU OSWA NENPÒT DOMAJ PWOPRIYETE KI TA SOTI NAN RISK KI SE YON PATI NATIRÈL AKTIVITE A. OU GEN DWA REFIZE SIYEN FÒM SA, EPI KOMITE DIRIJAN REJYON PALM BEACH, FLORID GEN DWA POU L REFIZE KITE PITIT OU PATISIPE SI OU PA SIYEN FÒM SA A.

MWEN/NOU TE LI SA A BYEN, KONPRANN LI, EPI KONNEN LI GENYEN YON RENONSMAN
Toude paran/responsab yo dwe siyen kote ki apwopriye yo.

Siyati Elèv la

Dat

Siyati Paran/Responsab Legal

Dat

Siyati Paran/Responsab Legal

Dat

STATE OF FLORIDA

COUNTY OF _____

Sworn to or affirmed and subscribed before me this _____ day of _____, _____, by _____
(parent/guardian or adult/emancipated student)

Personally Known _____ OR Produced Identification _____

Signature of Notary Public - State of Florida

Type of Identification Produced _____